



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

SWIT APRE OGMANTASYON KRIM RAYISANS AK PREJIJE, GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE TOUT RESOUS ETA KI DISPONIB YO POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO NAN KOMINOTE KI AN RISK YO AK NAN KAMPIS KOLÈJ YO

Gen 50 milyon dola nan sibvansyon disponib pou ajans fòs lòd lokal yo pou anpeche ak rezoud krim rayisans ak lòt krim

25 milyon dola sibvansyon pou sekiritze kominote yo kont krim rayisans ofri sekirite pou tanp adorasyon yo, sant kominotè yo ak lòt sit ki an risk yo

Gouvènè a mande Jij Jonathan Lippan pou lanse revizyon konplè sou politik antisemitis ak antidiscriminasyon sou kanpis CUNY yo

Lapolis Eta New York pral elaji inite analiz rezo sosyal pou kontwole menas sou lekòl yo ak kanpis kolèj yo

Divizyon Dwa Moun Eta New York la pral konvoke sèk kominotè yo pou rasanble Nouyòkè yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse yon seri aksyon pou deplwaye tout resous ki disponib yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite apre yon ogmantasyon nan ensidan rayisans ak prejije nan kèk semèn ki vini apre atak laterè Hamas 7 oktòb yo. Nan yon adrès pou Nouyòkè yo, Gouvènè Hochul te mete aksan sou 50 milyon dola ki disponib pou ajans fòs lòd yo pou anpeche ak rezoud krim rayisans ak lòt krim, 25 milyon dola nan finansman sekirite pou gwoup kominotè ki gen risk ak pou sant kiltirèl yo, yon ekspansyon nan inite analiz rezo sosyal Lapolis Eta New York la, ak yon nouvo inisyativ ki soti nan Divizyon Dwa Moun. Gouvènè Hochul te anonse tou ke Jij Jonathan Lippan, ansyen Jij an Chèf New York ak Jij an Chèf nan Tribinal Apèl Eta New York ki trè respekte, pral fè yon revizyon endepandan twazyèm pati nan politik ak pwosedi Inivèsite Vil New York la (City University of New York, CUNY) yo ki gen rapò ak antisemitis ak diskriminasyon.

"Pi gwo priyorite mwen se pwoteje sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kite m di nou byen klè: nou pa ka pèmèt rayisans ak entimidasyon vin yon bagay nòmal. Kòm Gouvènè, mwen reyafime ke gen zewo tolerans nan New

York pou antisemitis, prejje kont mizilman, oswa tout kalite rayisas, epi li enpòtan pou nou deplwaye tout resous eta ki posib yo kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

"Nan moman sa a, li enpòtan pou nou veye youn sou lòt epi asire Nouyòkè yo ki soti nan tout orijin yo pwoteje kont rayisans epiyo sipòte ak lanmou", **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Nou pral asire ke kominote yo atravè eta nou yo an sekirite epi ke gen moun ki lib pou yo rete moun yo ye a."

50 milyon dola pou ajans fòs lòd yo atravè Eta a

Eta New York ap mete 50 milyon dola disponib nan teknoloji ak ekipman fòs lòd yo pou modènize operasyon pa yo epi sa ki plis efikas rezoud ak anpeche krim, ki gen ladan krim rayisans. DCJS ap administre finansman an epi dat limit pou soumisyon yo se midi nan mèkredi 8 novanm 2023. DCJS te pibliye [demann pou aplikasyon](#) apre li te jwenn fidbak nan men depatman lapolis ak biwo cherif yo otòn pase a sou kalite teknoloji ak ekipman yo bezwen. Ajans yo ka chèche finansman pou yon varyete ekipman ak teknoloji, ki gen ladan men pa limite a lektè plak machin yo, kamera siveyans mobil ak fiks, sistèm ekspedisyon asiste avèk òdinatè, lojisyèl, veyikil ayeryen san pilòt, aparèy deteksyon kout zam, ak ekipman entelijan pou machin patwouy ak ofisye lapolis yo.

25 milyon dola pou sibvansyon pou sekirize kominote yo kont krim rayisans yo

Gouvènè Hochul te anonse yon lòt 25 milyon dola pou sibvansyon Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans (Securing Communities Against Hate Crimes, SCAHC) yo ki disponib. Lè nou konsidere rayisans ak ekstremis kontinyèl nasyonal ak aletranje, gouvènè a tou te mande DCJS pou devlope nouvo inovasyon ak estrateji pou enkòpore nan pwogram SCAHC la alavni an – tankou ogmantasyon nan kantite prim maksimòm, yon pwosesis aplikasyon rasyonnalize ak kontinyèl, ak evalyasyon Ekipman ak teknoloji pwoteksyon yo deplwaye. Chanjman potansyèl sa yo pral ede reponn ak bezwen aktyèl yo ak defi òganizasyon ki nan risk pou krim rayisans yo ap fè fas.

An jiyè, Gouvènè a [te anonse](#) prim finansman SCAHC ki pi resan pou 497 òganizasyon nan tout eta a pou 1,081 pwojè ki totalize 51,680,910 dola, ak 8,899,091 dola ki prale nan direksyon 187 pwojè sibèsekirite. Administre pa DCJS, pwogram SCAHC la bay finansman pou ranfòse mezi sekirite yo epi anpeche krim rayisans kont sant kominotè sivik san bi likratif ak, mize kiltirèl, sant gadri, ak lòt òganizasyon san bi likratif ki ka vilnerab akòz ideoloji yo, kwayans yo, oswa misyon yo. Finansman sa a ka itilize pou sipòte amelyorasyon sekirite eksteryè oswa enteryè, ki gen ladan men pa limite a ekleraj, kadna, alam, bouton panik, kloti, baryè, kontwòl aksè, vè ki pa ka kase, fim anti eksplozyon, sistèm adrès piblik, epi pou premye fwa a, mezi pou ranfòse sekirite sibè. Finansman yo ka kouvri tou depans ki asosye ak fòmasyon sekirite.

Revizyon twazyèm pati nan politik CUNY yo ak pwosedi ki gen rapò ak antisemitis ak diskriminasyon

Revizyon politik ak pwosedi CUNY yo, ke Gouvènè Hochul te mande Jij Jonathan Lippman fè, ap gen ladan aksyon yo rekòmande pou Konsèy Administrasyon CUNY an pou ranfòse polis antidiskriminasyon li yo epi ede pwoteje etidyan ak pwofesè Jwif yo. Jij Lippman, Avokal nan Biwo New York nan Latham & Watkins, kabinè li a pral sipòte li

nan revizyon an. Revizyon an prevwa enkli entèvyou, rechèch, ak lòt konsiltasyon ak yo kouvri sijè sa yo:

- Anviwònman kanpis, ki gen ladan yon evalyasyon nan atitud ak pèspektiv antisemitis sou divès kanpis CUNY yo.
- Politik, pwosedi, ak sistèm aktyèl inivèsite yo pou envestige plent antisemit yo.
- Konsistan nan tretman pa inivèsite a nan jere plent antisemitis ak tout lòt kalite diskriminasyon.
- Balans apwopriye pou dwa libète lapawòl ak pwoteksyon dwa elèv yo pou yo resevwa edikasyon gratis sou menas, entimidasyon, oswa diskriminasyon antisemitis.

Yo prevwa rapò sou rezilta Jij Lippan lan nan sezon prentan an.

Jij Jonathan Lippman, te deklare, "Kòm yon jij ak avoka, konsantrasyon mwen te toujou avantout bagay sou ekite ak jistis egal. Menm sans ekite sa a, ak libète soti nan entimidasyon, pou etidyan jwif yo ak tout lòt moun nan kominote akademik CUNY an, yo pral nan sant revizyon mwen an. Antisemitis ak diskriminasyon nan tout fòm li yo pa akseptab epi mwen onore ke gouvènè a te mande m pou m fè travay enpòtan sa a."

Elaji analiz rezo sosyal pou idantifye menas ak aktivite kriminèl

Lapolis Eta New York itilize aktivite ak pòs rezo sosyal ki disponib piblikman pou ede idantifye aktivite kriminèl kredib k ap pase nan eta a. Men, gwoup enfòmasyon tèlman gwo epi li rapidman ap chanje ke efò aktyèl lapolis eta a sèlman grate sifas la nan sa ki posib pou detekte ak entèdi. Gouvènè Hochul te anonse yon adisyon 700,000 dola pou amelyore Inite pou Analiz Rezo Sosyal nan NYSIC nan dote yon ekip analis pou fè analiz chak jou sou aktivite medya sosyal ki disponib — patikilyèman sa ki konsène menas vyolans lekòl la, aktivite gang, ak zam afe ilegal — pou lye enfòmasyon ak envestigasyon sou kriminèl ki egziste deja, kòmanse nouvo envestigasyon, ak kominike enfòmasyon sou menas yo bay pèsònèl ki apwopriye sou teren an.

Sèk kominotè yo

An repons ak dènye evènman nan Mwayen Oryan an, Inite Prevansyon kont Rayisans ak Prejije Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights DHR) lan pral ofri sèk kominotè pou diskite sou ki jan manm kominote yote afekte pa evènman sa yo ak pou ede youn ak lòt pandan n ap lite pou fè fas ak geri. Sèk yo pral fèt an pèsòn epi yo pral kominote espesifik, pou pèmèt yon espas ki an sekirite pou tout

Anons sa a bati sou efò Gouvènè Hochul pou ogmante pwotokòl sekirite kont krim rayisans ak prejije swit apre atak Hamas sou Izrayèl la. Semèn pase a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) lansman yon nouvo liy dirèk ak fòmilè sou entènèt pou Nouyòkè yo pou kapab byen vit rapòte rayisans ak ensidan prejije yo. Imedyatman apre atak laterè Hamas yo, Gouvènè Hochul te konplètman [aktive](#) Biwo Kont Teworis (Office of Counterterrorism) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), elaji Siveyans Lapolis Eta a sou rezo

sosyal, ak mande MTA ak lidè Otorite Pòtyè pou fè patwouy nan sant transpò piblik ki gen anpil risk yo. An jiyè, Gouvènè Hochul [te anonse](#) plis pase 51 milyon dola nan finansman sibvansyon pou amelyore pwoteksyon ak sekirite òganizasyon ki gen risk pou sibi krim rayisans yo.

Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS) sipòte plis pase 239 pwogram asistans pou viktim nan tout eta ki bay viktim ak sivivan krim yo ak fanmi yo sèvis dirèk, ak ranbousman ak konpansasyon pou depans ki gen rapò ak krim si yon moun pa gen okenn lòt resous pou peye pou yo. Vizite ovs.ny.gov pou plis enfòmasyon.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Kowòdinasyon nan tout nivo gouvènman an ak ajans yo esansyèl pou pwoteje Nouyòkè yo. Envestisman sa a pral ranfòse patenarya ant Eta New York ak FBI epi ogmante kapasite tout moun pou redui epi mete fen nan vyolans ki alimante pa rayisans."

Komisè Divizyon Dwa Moun Eta New York la, Maria L. Imperial, te deklare, "Divizyon Dwa Moun nan pran angajman pou bati yon pi bon New York, ki pa gen rayisans ak prejije ak plen ak lanmou pou tout moun. Kounye a plis ke jamè, nou dwe rekonèt limanite komen nou ak ini kont rayisans".

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Pa gen okenn plas pou lahèn nan New York. Mwen fyè de travay ekip mwen an fè pou bay finansman enpòtan pou ede pwoteje òganizasyon ki nan risk yo ak Nouyòkè parèy yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman ou pou elimine rayisans ak travay san pran souf ou pou asire ke patnè lokal nou yo gen resous yo bezwen ede kenbe kominote yo an sekirite."

Direktris Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la, Elizabeth Cronin, te deklare, "Eksperimante nenpòt krim ka twomatizan pou viktim yo, men vin viktim yon krim rayisans ka gen yon enpak devastatè non sèlman sou sante fizik yon moun, men tou sou sante mantal li. Nou ofri resous ak sipò pou viktim sa yo ak sivivan yo pou ede yo avanse. Mwen aplodi angajman Gouvènè Hochul pou asire ke tout Nouyòkè yo an sekirite nan lari nou yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)

